

**Studi Tapsir lan Tuntunan Syari'at ing Surah Al-Fatihah Sajrone Naskah Tabsir Kuran  
(Suntingan Teks lan Tuntunan Syari'at)**

**Moh.Saifuddin Zuhri**

Jurusan S1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[moh.zuhri16020114016@mhs.unesa.ac.id](mailto:moh.zuhri16020114016@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. H. Bambang Purnomo, M.S**

Dosen Jurusan S1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[bambangpurnomo@unesa.ac.id](mailto:bambangpurnomo@unesa.ac.id)

**Abstrak**

*Naskah Tabsir Kuran* sajrone kasusastran Jawa kalebu ana ing periodisasi Sastra Jawa Anyar, katulis nganggo aksara Jawa lan nggunakake basa Jawa Anyar. Naskah iki minangka naskah piwulang ngenani bab agama. Andharan iku nggambarake undheran panliten kang bakal dadi acuan panliten iku (1) kepriye dheskripsi *Naskah Tabsir Kuran*. (2) kepriye suntingan teks sajrone *Naskah Tabsir Kuran*. (3) kepriye studi tapsir Al-Quran sajrone *Naskah Tabsir Kuran*. (4) kepriye tuntunan Syari'at sajrone tapsir Quran surah Al-Fatihah. Metodhe panliten kang diango yaiku metodhe dheskriptif analitik. Sumber dhata kang ana ing panliten iki yaiku *Naskah Tabsir Kuran* kang wujud buku. Teknik pangolahe dhata yaiku naskah ditransliterasi, goleki dheskripsi naskah, banjur mujudake suntingan teks, lan ngolah dhata adhedhasar piwulang agama kang ana ing sajrone naskah banjur ndudut asile panliten. Asiling dhata ing panliten iki kaperang dadi papat yaiku dheskripsi naskah, suntingan teks, studi tapsir Quran, lan tuntunan Syari'at sajrone surah Fatimah. Ana ing perangan dheskripsi, naskah kaserat dening Martasusila. Ana ing suntingan teks diasilake 39 perangan teks kang disunting. Ana ing perangan studi tapsir iku ngandharake kepriye cara napsirke Al-Quran kanthi bener. Dene tuntunan Syari'at sajrone surah Al-Fatihah iku duduhake piwulang agama ngenani tuntunan Syari'at kang ana sajrone tapsir Quran surah Fatimah. Panliten ngenani *Naskah Tabsir Kuran* dikarepke bisa nggugah semangate bebrayan ana ing jaman saiki supaya padha aweh kawigaten lan panyengkuyung mligine marang sastra lawas miturut fungsine yaiku minangka sumber kang kebak kawruh lan piwulang ing njerone.

**Tembung Wigati:** naskah, suntingan, tapsir, syari'at, fatimah

**Abstract**

*Naskah Tabsir Kuran* including the periodization of New Javanese Literature, written using Javanese script and using the New Javanese language. This text is one of the learning texts about religion. this explanation can illustrate when doing this research. That explanation illustrates the formulation of the problem in this research viz (1) how is the description *Naskah Tabsir Kuran*. (2) how to edit the text inside *Naskah Tabsir Kuran*. (3) how to study interpretations Al-Quran in *Naskah Tabsir Kuran*. (4) how the shari'ah rule in the interpretation Quran ing surah Al-Fatihah. The research method used is the analytical descriptive method. Sources of data in this study, namely *Naskah Tabsir Kuran* in the form of a book. The results of data analysis in this study are divided into four namely manuscript descriptions, text edits, interpretive study Quran, and the demands of the Shari'ah in it surah Fatimah. In the description section, manuscript written by Martasusila. In text edits are generated 39 edited text. There is a part in the study of interpretation that explains how to interpret Al-Quran correctly. In Shariah guidance in the surah Al-Fatihah it shows religious learning about the guidance of the Shari'a that exists in the tapsir Quran surah Fatimah. From all parts of the Fatimah verse, several related verses are taken and interpreted according to the researchers' insight. The research on the Texts of Kuran was intended to be able to awaken the spirit of society that exists today to give attention and support especially to the old literature according to its function, namely as a source full of knowledge and learning in it.

**Keywords:** manuscript, rewrite, interpretation, shariah, fatimah

**PENDAHULUAN**

Kasusastran Jawa yaiku reriptan sastra kang nggunakake basa Jawa, diasilake dening bebrayan Jawa lan sumebar ana ing bebrayan Jawa uga sakupenge. Miturut Darusuprta sajrone Suwarni (2017:16) periode kasusastran Jawa kaperang dadi telu, yaiku: (1) Kasusastran Jawa Kuna, (2) Kasusastran Jawa Tengahan, (3) Kasusastraan Jawa Modern. Kasusastraan Jawa

Modern kalebu ing Jaman islam lan Jaman Surakarta Awal iki uga bisa kasebut jaman kasusastran Jawa Anyar. Kasusastran Jawa Anyar iki wiwit ana nalika ngancik pungkasane pamarentahane Majapahit.

Anane wujud kasusastran iki tuwuh mligine ana ing dhaerah lor pesisir tanah Jawa. Titikane yaiku wis antuk pangribawa saka agama islam. Miturut Suwarni (2016:2)

pangribawane sastra Jawa Anyar kaperang dadi loro yaiku Sastra Jawa Pesisiran lan Sastra Klasik.

Sastra Pesisiran salah sawijine reriptan sastra kang ngrembaka ana ing pesisir sisih lor pulo Jawa. Sastra Jawa Pesisiran uga ngandhut piwulang ngenani bab agama islam kayata syariat, akhlak, utawa akidah. Yen Sastra Klasik luwih tumuju ing sastra Kraton. Kalorone nduweni titikan kang bedabeda, ananging luwih ngutamakake tuntunan lan ajaran agama islam. Naskah kang kaserat ana ing jaman Kasusastran Jawa Anyar iki nduweni pangaji-aji marang bebrayan.

Slaras karo naskah kang nduweni pangaji, naskah kang arep dianggo panliten iki yaiku serat kang arupa naskah Jawa. Naskah kang kaserat utawa disalin dening tiyang ing jaman biyen. Naskah kang kaserat yaiku ngenani studi tafsir lan tafsir Al-Quran surah Al-Fatihah. Naskah kang arep dianggo penliten iki arupa naskah asli lan kaserat langsung dening pangripta ing jaman biyen. Tema-tema iku minangka salah sawijine titikan kasusastran tradhisional kanthi aran sastra kitab. Sastra kitab yaiku sastra kang sajrone iku ngandhut isi ngenani babagan piwulang bab agama islam kang kaserat sajrone kasusastran awujud naskah Jawa. Naskah *Tabzir kuran* migunakake basa Jawa anyar lan kaserat migunakake aksara Jawa. Wujud naskah menika awujud gancaran, dene Naskah *Tabzir Kuran* ngandharake kawruh babagan studi tafsir Al-Quran lan tafsir Al-Quran surah Al-Fatihah.

*Naskah Tabzir Kuran* minangka reriptan sastra jawa anyar lan awujud gancaran. Naskah menika ngemot wewarah kang jumbuh karo irah-irahane. Wewarah kang diandharake yaiku arupa kawruh utawa seserepan ngenani bab-bab tafsir Al-Quran lan tafsir salah satunggaling surah yaiku surah Al-Fatihah. *Naskah Tabzir Kuran* menika kaperang dadi telung bab inti yaiku, kawiwitan saka kutbah kang isine ngenani puja lan puji marang gusti Allah. Banjur bebuka, ana ing bab pambuka iki ngandharake tata cara anggane napsir Al-Quran. Lan bab kang pungkasan menika ngandharake ngenani tafsir surah Al-Fatihah saking ayat kawiwitan dumugi pungkasan lan ngemot tuntunan syari'at kang ana ing agama islam.

Syari'at minangka kukum utawa paugeran kang ngemot sakabehe tata panguripan umat islam ana ing donya lan akherat. Salah sawijine kukum islam kang nyata. Al-Quran minangka kitab suci umat islam lan firman Allah kang diturunake marang Kanjeng Nabi Muhammad supaya disampekake marang sakabehe umat islam kang ana ing donya iki nganti dumugi dinten kiyamat.

Naskah kang awujud gancaran lumrahe ing jaman sastra Jawa anyar. Naskah kang kaserat gancaran, saliyane iku gunakake reriptan kang awujud tembang macapat. Asiling kasusastran Jawa anyar uga isih kaperang maneh dadi rong jinis yaiku sastra Jawa anyar gagrag pesisiran lan sastra Jawa anyar gagrag kratonan. Kasusastran kang

awujud naskah biyasane gunakake basa Jawa anyar kang diripta saka kahanan sosial budaya. Iku wis nduweni pambada antarane kahanan sosial ing jaman saiki. Naskah ing nuswantara iku maneka warna jinis lan pasthi maneka warna isine. Pasthi beda-beda antarane naskah siji lan sijine. Saliyane iku saben naskah nduweni titikan panulisan kang beda-beda saben pangripta. Mula saka iku sejatine nguri-nguri naskah iku wigati banget, amarga saben naskah pasthi nduweni pambada antarane naskah siji maang sijine lan uga saben pangripta nduweni seratan kang beda-beda. Saliyane iku sajrone naskah uga ngemot piwulang-piwulang luhur lan minangka asiling lakune panguripan bebrayan jaman biyen.

Sastra Jawa pesisir mujudake *ekspresi* sastra kang asale saka bebrayan pesisir, mligine ana ing pesisir sisih lor tanah Jawa. Sastra Jawa pesisiran nduweni rong jinis sastra yaiku awujud tembang lan awujud gancaran. Yen dideleng antarane wujud tembang karo gancaran nduweni wujud kang beda. Kasusastran awujud tembang iku nduweni titikan yaiku ngenani panulisan kang manut paugeran guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan, dene karya sasta kang awujud gancara iku tulisane diwedahar kanthi cetha lan gamblang tanpa migunakake pathokan guru lagu, guru gatra, lan guru wilangan. Salah sawijine naskah kang ngunakake panulisan arupa gancaran ananging wis pikantuk pengaruh agama islam yaiku Naskah *Tabzir Kuran*. Menika ngrembug babagan apa kang dimaksud ngenani tafsir quran, lan uga apa sejatine teges surah fatihah ing bebrayan. Aksara kang digunakake sajrone naskah iki yaiku aksara Jawa carakan.

Naskah *Tabzir Kuran* digunakake minangka objek panliten jalaran naskah iki ngonceki siji-siji apa kang dadi teges lan maksud saka tafsir lan surah Al-Fatekah kang gayut kalihan panguripane bebrayan. Apa kang ana sajrone naskah yaiku kayata ngenani kepriye anggane napir Al-Quran lan mangerteni teges saka Al-Quran mligine ana ing surah Al-Fatihah kanthi cetha lan apa kang ana kinandhut sajrone Surah Fatihah iku.

Kanthi mangerteni kahanan Naskah iku becik apa ora, perlu diadakake suntingan teks. Suntingan teks yaiku minangka asil nyunting utawa ngedhit, Suntingan teks nduweni makna asli panggaweyan nyunting utawa ngedhit (Purnomo, 2016:23). Tembung nyunting iku nduweni teges nyiapake naskah nganti bisa siyap dicethak utawa wis siyap diterbitake, ananging kudu nggatekake sistem nalikane nyuguhake isi lan basa mligine ngenani ejaan, diksi lan uga aspek struktur. Nalikane nglaksanani suntingan teks iku diajab supaya bisa mangerteni kahanan naskah lan tata tembung supaya luwih gampang kanggo mangerteni isi kang kinandhut sajrone naskah.

Apa kang dadi isi naskah uga maneka warna, saka piwulang mangerteni tauhid, babana lan pangancam, ngibadah marang gusti, lan kang pungkasan ngenani

margining kabegjan. Sakabehe babagan menika kanggo bebrayan bebrayan kang ngugemi agama islam. Mula saka iku kanthi nyinaoni naskah iki bisa menehi tuntutan kanggo bebrayan mligine para muslim ing jaman saiki supaya bisa tumindak bener lan pener anggene nglakoni jejibahan ing donya iki.

## **METODE**

Panliten kanthi irah-irahan “*Studi Tafsir lan Tafsir Surah Al-Fatihah sajrone Naskah Tafsir Kuran*” mujudake panliten kanthi migunakake metode deskriptif analitik. Metode deskriptif analitik mujudake sawenehing metode kang ditindakake kanthi dheskripsikake kanyatan banjur duwenehi titingan filologi. Objek panliten sajrone panliten iki mujudake naskah lan uga translitrasi *Naskah Tafsir Kuran*. Kanthi gunakake lelandhesan panliten lan konsep-konsep tafsir kang bakal dadi punjer kanggo mangerteni dhata panliten utawa kanggo mangerteni titik fokus sajrone panliten iki.

Sumber dhata sajrone panliten yaiku subjek saka pakolehe dhata kang dijupuk. Sumber dhata kang digunakake panliten iki yaiku naskah kang oleh pangribawa lan pengaruh agama islam. Babagan iku bisa dideleng saka irah-irahane naskah yaiku *Naskah Tafsir Kuran*. Irah-irahan iku sejatine ngemot tema tartamtu kang bisa njupuk duduta isine uga supaya gampang anggone panliten nlihi naskah kasebut. Semono uga kang digawe panliten kanggo nlihi awujud naskah lami.

Dhata kang digunakake sajrone panliten *Naskah Tafsir Kuran* iki arupa gancaran, naskah kang kalawan pangerten ngenani studi tafsir AlQuran lan tafsir Al-Quran surah Al-Fatihah. Dhata mujudake preangan kang wigati minangka dhata formal kang awujud gancaran sajrone panliten sastra. Panliten iki nduduhake yen tembungtembung arupa gancaran kang gayut kalihan pangerten ngenani tafsir kasebut mujudake dhata kang utama Instrumen kang dianggo sajrone panliten iki ana loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti minangka tiyang kang nindakake panliten. Dene instrumen panyengkuyung pangumpulane dhata yaiku studi pustaka, kanthi cara (1) Nganggo cathetan ana ing kertas utawa *notebook* kanggo nyathet bab-bab kang wigati sajrone nglaksanani panliten, (2) nggunakake kertas *pad* kang dibendhel karo map kang pinisah lan bisa dibukak pasang kanggo nyimpen utawa sawektu-wektu nalika digunakake, (3) nggunakake kartu cathetan utawa bisa kasebut *note card*.

Metodhe iki nggunakake yen ana sawijining teks kang bisa diteliti. Sajrone nlihi naskah tunggal, ana rong cara kang bisa digunakake yaiku kanthi cara *metodhe diplomatik* lan *metodhe edhisi kritis* utawa edisi biyasa.

Kapisan, edhisi diplomatik yaiku anane naskah tunggal kanthi tliti banget tanpa ana owahan. Edhisi diplomatik kang apik yaku asil pamaca kang tliti dening tiyang kang wis ahli lan wis pengalaman ngenani maca naskah. Sajrone wujud kang sampurna. Metodhe iki metodhe kang digunakake kanggo pangumpulane dhata kang diandharake ngenani tata cara pangumpulane dhata kanggo nlihi objek naskah kang arep diteliti kanggo panliten. Sajrone panliten golek dhata kanthi cara kapustakan yaiku golek dhata ing buku-buku kang ana sesambungane lan jumbuh karo panliten. Metodhe iki diggunakake kanggo ngumpulake dhata ngenani naskah. Metodhe wawan rembug digunakake kanggo ngumpulake dhata ing panliten iki ngenani tafsir quran surah Fatihah, kaliyan narasumber ingkang saguh lan nduweni pamawas tebih ngenani babagan kang ana gegayutane kalihan naskah.

Sajrone panliten sastra, dibutuhake tata cara kanggo nganalisis kang pener lan bener supaya apa kang arep digayuh nalika ngelaksanani panliten iki bisa kasil tujuwane panliten. Panliten iki gunakake titingan filologi, yaiku gunakake salah sawijine naskah kanggo diteliti tanpa mbandingake kalihan naskah liyane kang padha. Analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake tata cara nganalisis dhata teknik deskriptif kualitatif. Teknik kasebut digunakake amarga panliten iki saliyane kanggo menehi gambaran lan dheskripsikake kahanan naskah, uga dheskripsikake ngengingi babagan menapa kemawon isi sajrone *Naskah Tafsir Kuran*.

## **HASIL DAN PEMBAHASAN**

### **1. Dheskripsi Naskah**

Dheskripsi naskah yaiku ngandharake papan panggonan anggene nyimpen naskah, nomor kang tinulis kanthi jangkep, panulis, bahan naskah, ukuran naskah, cacah kaca, cacah gatra ing saben kaca, jinis tulisan, kahanane tulisan, lan kahanan naskah bab liyane kang isih sinambungan karo kahanan fisik naskah (Purnomo, 2007:33-34). Dheskripsi ngenani naskah nduweni tujuan kanggo menehi gambaran marang pamaos ngenani kahanan fisik naskah. Dheskripsi naskah sajrone panliten filologi kudu ditindakake jalaran dheskripsi naskah minangka salah sawijine cara kang utama kanggo ngandharake naskah.

#### **a. Irah-Irahan Naskah**

Irah-irahane naskah ana kang tinulis kanthi cetha sajrone teks, kayata ana ing manggala, kolofon, utawa ana ing kekarone utawa ana uga sing dumunung ana sajrone naskah, ananging ora nyawiji karo bedane teks. Irah-irahan naskah kang dadi objek panliten iki bisa ditemokake adhedhasar samak naskah lan manggalane naskah. Pethikkane ana ing ngisor iki.

Nyariyosaken tafsir kuran punnika, sede prakawis gampil. Malah asring kalampahhan....

Andharan mau nerangake yen serat kang dadi objek panliten iki yaiku *Naskah Tabsir Kuran*. *Naskah Tabsir Kuran* kalebu salah sawijine serat piwulang agama.

**b. Panulis**

Pangripta sajrone naskah iku bisa uga diarani panyalin naskah utawa dadi pangriptane naskah. *Naskah Tabsir Kuran* iki kalebu naskah asil kapisan lan wujud isih asli. Pangripta sajrone *Naskah Tabsir Kuran* iki yaiku Martasusila. Kawontenane pangripta naskah bisa dideleng ana ing samak naskah lan panggonane ana ing ngisor irah-irahan naskah.

**c. Ukuran Naskah**

No.	Katrangan	Ukuran
1.	Dawane Naskah	21,5 cm
2.	Ambane Naskah	17,5 cm
3.	Kandele Naskah	0,5 cm
4.	Dawane Teks	18,5 cm
5.	Ambane Teks	15,5 cm
6.	Jarak saben garis teks	0,5 cm
7.	Ukuran Tengen	0,5 cm
8.	Ukuran Kiwa	0,5 cm
9.	Ukuran Ndhuwur	2 cm
10.	Ukuran Ngisor	1 cm
11.	Cacahe Kaca	40 Kaca
12.	Cacahe baris saben kaca	24 aris

Ukuran naskah lan teks *Naskah Tabsir Kuran* yaiku dawane ukuran 21,5 cm kanthi ambane naskah 17,5 cm. lan nduweni kandel 0,5 cm. lan uga kanggo ukuran teks yaiku dawane teks 18,5 cm lan ambane teks 15,5 cm. Saliyane iku naskah iki nduweni cacahe kaca 40 kanthi cacahe baris saben kaca yaiku 24 baris.

**d. Kahanan Naskah**

Kahanan *Naskah Tabsir Kuran* kang dianggo ing panliten iki nduweni kahanan isih apik, saka fisik la nisi. Wujud naskah yaiku arupa buku bergaris kanthi label *Geo Whery & Co Java* lan nduweni warna soklat. Saperangan kaca mburi tintane wis luntur lan radi angel diwaca. Wujud tulisan aksara Jawa sajrone teks tinulis cilik-cilik ananging katpn rapi lan tumata tur katon endah, ananging ana ing saperangan kaca bageyan mburi, tulisan ing naskah radi angel diwaca amargi wujud tulisan wis beda karo tulisan kawiwitan ananging taksih bisa diwaca. Cacahe kaca naskah iki ana 40 lan saben kaca dumadi saka 24 baris.

**e. Wujud Naskah**

Wujud *Naskah Tabsir Kuran* iki awujud buku tipis. Dene teks kang tinulis sajrone naskah menika awujud

gancaran. Miturut pangrembakane kasusastran Jawa Anyar, reriptan sastra kaperang dadi rong jinis, yaiku bisa arupa gancaran lan bisa uga awujud tembang. *Naskah Tabsir Kuran* iki minangka reriptan sastra Jawa Anyar kang awujud gancaran.

**f. Tulisan Naskah**

*Naskah Tabsir Kuran* iki ditulis nganggo aksara jawa lan awujud carakan. Pairin (2014:147) ngandharake bilih budaya Jawa iku nduweni wujud panulisan kang dadi pambada karo tulisan liyane yaiku arupa tulisan Jawa. Tulisan kang dianggo sajrone naskah iki wujud tulisan tangan utawa carakan lan tulisan kang jejeg, ajeg, sarta ketata kanthi becik amarga sajrone kertas anggene nulis naskah ana garis-garis pambiyantu ing kertas kang dianggo. Tinta kang dianggo nulis yaiku warna ireng kandel. Tulisan kang katulis ana ing naskah isih bisa diwaca kanthi becik lan ora ana tulisan kang kirang urtawa risak. Sajrone *Naskah Tabsir Kuran* iki uga ana sawetara tandha lan angka kang dianggo menahi nomor marang bab-bab kang ana urutane supaya luwih gampang anggene dimangerteni lan diwaca.

**g. Basane Naskah**

Basa kang digunakake sajrone *Naskah Tabsir Kuran* jinise naming siji kang digunakake, yaiku basa Jawa Anyar. Ananging saperangan tembung gunakake basa Arab, Panulisan kang ana ing *Naskah Tabsir Kuran* iki nggunakake basa *naratif* utawa basa kang dianggo kanggo aweh panutur, dudu basa kang digunakake kanggo pacelathon sabendina. Saliyane iku uga panyerat ngunakake basa Krama kanggo aweh panutur sajrone naskah iki.

**h. Isine Naskah**

*Naskah Tabsir Kuran* minangka reriptan sastra jawa anyar lan awujud gancaran. Naskah menika ngemot wewarah kang jumbuh karo irah-irahane. Wewarah kang diandharake yaiku arupa kawruh utawa seserepan ngenani bab-bab tapsir Al-Quran lan tapsir salah satunggaling surah yaiku surah Al-Fatihah. *Naskah Tabsir Kuran* menika kaperang dadi telung bab inti yaiku, kawiwitan saka kutbah kang isine ngenani puja lan puji marang gusti Allah. Banjur bebuka, ana ing bab pambuka iki ngandharake tata cara anggene napsir Al-Quran. Lan bab kang pungkasan menika ngandharake ngenani tapsir surah Al fatihah saking ayat kawiwitan dumugi pungkasan lan ngemot tuntunan syari'at kang ana ing agama islam.

**2. Suntingan Teks**

Kagiyatan nyunting teks yaiku kanggo nyiapake naskah sing wis siyap cetak utawa diterbitake, kanthi nggatekake segi *sistematika* penyajian (tata cara nyuguhake), isi lan basa kang digunakake (sesambungan karo tetembungan, *diksi*, lan *struktur*). Suntingan teks minangka asile nyunting saka data sajrone proses



transliterasi. Anggone nyunting teks iku ora dijupuk saka sakabehe asile transliterasi, ananging dijupuk saperangan teks *Naskah Tafsir Kuran* kang disunting.

Sajrone suntingan teks iki bakal digunakake tandha-tandha supaya nggampangake anggene mangerteni bageyan teks kang disunting. Tandhatandha kang dianggo sajrone suntingan teks yaiku ana ing ngisor-ngisor iki :

- 1) Tandha cethak miring kang digunakake kanggo tembung-tembung kang panulisane nganggo basa saliyanane basa Jawa, tuladhane *Alkamdulilahirobil ngalamin*.
- 2) Saben ana tembung ater-ater diwenehi tandha setrip (-),
- 3) Kanggo tembung-tembung kang kadhapuk minangka kepemilikan, mula panulisane digandheng.
- 4) Tandha garis ngisor (.....) digunakake kanggo tembung kang bakal diwenehi cathetan sing cacah tembung luwih saka satembung.
- 5) Angka (1), (2), (3), lan sapanunggalane iku dianggo nuduhake kaca naskah.

**a. Asil Suntingan Teks**

Asiling suntingan teks sajrone *Naskah Tafsir Kuran* iki bakal disunting adhedhasar perangan kaca kang ana sajroning naskah.

(1) **Kaca 1**

Kanthe anebut asmane pangeran, ingkang mirah ing dunya ingkang asih ing akemat.

Sadaya puji kagunganipun dat ingkang kumemepake tan saya manungsa dhateng ingkang dereng kasumerepan.

Rahmat tuwin kawilujengan mugni dipun wewahaken dhateng Kangjeng

Nabi Mukhammad Sakulawarga dalah

**sakhabatipun<sup>1</sup>. Kaca 2**

Bubuka (Muhadamah)

Nyariyosaken **tabzir<sup>2</sup>** kuran punika, sede prakawis gampang. Malah asring kalampahan. Nyariyosaken tabzir kuran punika angeli angel.

Angelipun Kuran punika **kamah<sup>3</sup>** sababipun.

(2) **Kaca 3**

Awit tumurunipun Kuran punika **minongka<sup>4</sup>** suluhi kapitangan sarta dados pitedah dhateng manungsa anggenipun nyumerepi ing pranatan (tatanan) sarta **hukumipun<sup>5</sup>**. Tiyang boten saged nyumerepi pranatan kukumipun agama, bilih boten ngretos suraosipun Kuran. Tafsir ingkang kagelaraken punika badhe saged ngretosaken suraosipun Kuran ing bab agama. Inggih punika ingkang nedahaken manungsa dhateng **kabekjan<sup>6</sup>** tumrap ing gesangipun wonten ing dunya, lan wonten ing Akemat. Makaten punika kasedya ingkang luhur. Dene

gelaran sanesipun punika sadaya inggih kalebet dhateng prakawis agama, awit punika ingkang dados pokokipun.

Tafsir punika mengku pinten-pinten prakawis warni warni :

1. Nyumerepi kanthe teranging **prangretos<sup>7</sup>** dhateng sakening tembung tuwin iketaning ukaranipun Kuran, sarta maknanipun. Salajengipun saged nyumerepi tuwin mangretos sayektos dhateng luhuring Kuran.
2. Nyumerepi ngirab inggih punika ewah ewahan tuturutanipun surasaning tembung ing wingking.
3. Anyumerepi cicriyosan ingkang gandheng kaliyan Kuran.
4. Nyumerepi kalangkunganipun Kuran. sagedipun nyumerepi wau kedah

**Kaca 4** saged dhateng kawruh bayan, mangani, badek. Inggih punika :

- a. Ngelmu **mangani<sup>8</sup>** punika nyumerepi gathukipun wicara kaliyan maksudipun.
- b. **Bayan<sup>9</sup>** punika nyumerepi raose pikajenganipun wicara kanthe margi warni warni, pipindhan, pasemon sasaminipun.
- c. **Badek<sup>10</sup>** punika nyumerepi dhateng warni warnining arah (wong djalah) ingkang saged mewahi dhateng sahening wisara.

**b. Aparat Kritik**

Aparat kritik bisa ditegesi minangka wujud tembung-tembung kang dirasa nyimpang utawa beda saka pakem kang sabenerne, banjur diwenehi kritik lan diwenehi saperangan cathetan ana ing perangan kang sinebut komentar. Aparat kritik sajrone *Naskah Tafsir Kura nana* tetembungan kang kudu dimangerteni dhisik sadurunge maca luwih adoh, yaiku tetembungan :

N = Tembung Kang ana ing Naskah

S = Asiling Suntingan

No.	Naskah (N)	Suntingan (S)
1.	Sakhabat	Sahabat
2.	Khapsir	Tapsir
3.	Kamah	Kathah
4.	Minongka	Minangka
5.	Hukumipun	Kukumipun
6.	Kabekjan	Kabegjan
7.	Prangertos	Pangertos
8.	Mangani	Ma'ani
9.	Bayan	Bayan
10.	Badek	Badi'

**c. Cathetan**

Cathetan kang diandharake awujud komentar saka asil suntingan *Naskah Tabsir Kuran* kang kasunting miturut nomer akng diwenehake ana ing suntingan teks sajrone translitrasi naskah.

- 1) Tembung sakhabat disunting dadi sahabat, amarga sakhabat ora nduweni teges lan ora kalebu basa Jawa mula saka iku disunting dadi sahabat lan nduweni teges kanca.
- 2) Tembung khapsir disunting dadi tapsir kang nduweni teges ngewenehi katrangan tegesing tetembungan kang ana ing Quran utawa kitab suci liyane.
- 3) Tembung kamah disunting dadi kathah amarga sajrone teks tembung kamah iku ora ana tegese lan luwih sambung disunting dadi kathah supaya bisa sambung antarane tembung siji lan sijine.
- 4) Tembung minangka disunting dadi minangka amarga tembung minangka angel dimangerteni ing jaman saiki lan luwih gathuk bilih disunting dadi minangka.
- 5) Tembung hukumipun disunting dadi kukumipun kang nduwne teges putusaning pangadilan.
- 6) Tembung kabekjan disunting dadi kabegjan kang nduweni teges begja utawa slamet.
- 7) Tembung prangertos disunting dadi pangertos kang nduweni teges pangerten.
- 8) Tembung mangani disunting dadi ma'ani kang nduweni teges salah satunggale kawruh kanggo napsirke Al-Quran kanthi mangerteni tata ukara supaya bisa mangerteni maknane, tembung *ma'ani* iku saka basa Arab, mula saka iku parlu disunting supaya luwih cetha.
- 9) Tembung bayan disunting dadi bayaan kang nduweni teges salah satunggale kawruh kanggo napsirke Al-Quran kanthi nyinaoni tegese tetembungan kang angel lan uga pemenggalan tetembungan, tembung *bayaan* iku saka basa Arab, mula saka iku parlu disunting supaya luwih cetha.
- 10) Tembung badek disunting dadi badi' kang nduweni teges salah satunggale kawruh kanggo napsirke Al-Quran kanthi nyinaoni kaendahan basa sajrone AL-Quran, tembung *badi'* iku saka basa Arab, mula saka iku parlu disunting supaya luwih cetha

**3. Studi Tapsir Kuran sajrone *Naskah Tabsir Kuran***

Tapsir Quran yaiku kawruh kanggo mangerteni lan nafsirake napa kemawon kang ana gayutane karo Al-Quran. Tapsir nduweni piguna kanggo menahi pituduh. Pituduh ing kene yaiku tumuju marang teges kang kinandhut sajrone Al-Quran. Miturut Hosen (2019:10). Sajrone *Naskah Tabsir Kuran* iki uga ngandhut piwulang

ngenani tapsir. Tapsir Quran dhewe nduweni tujuwan kanggo aweh pituduh marang tetiyang kang maca seratan tapsir lan bisa mangerteni Al-Quran supaya bisa begja sajrone nglakoni panguripan ing donya lan ana ing akemat. Tapsir iku mengku saperangan prakara kang beda-beda lan cacache ana papat perkawis kang wigati.

Perkawis tapsir sajrone *Naskah Tabsir Kuran* supaya bisa anggane tata cara napsirake Al-Quran iku diperang dadi papat bab. Yaiku mangerteni tetembungan sajrone Quran, mangerteni carita sajrone Quran, mangerteni kasaesane Quran, Nyumerepi kukum.

**a. Mangerteni Tetembungan sajrone Al-Quran**

Perangan ingkang kapisan sajroen *Naskah Tabsir Kuran* yaiku kedah mangerteni tetembungan kang ana sajrone Quran. Saperangan bebrayan kang namung maca Al-Quran pasthi ora bisa mangerteni apa kang dadi teges ayat sajrone Al-Quran kang minangka dadi basa saking Gusti Pangeran marang manungsa. Amarga iku kedah mangerteni satemene tembung baka tembung lan iketane ukara. Prethelane kaya mangkene.

Nyumerepi kanthi teranging pangertos dhateng sakening tembung tuwin iketaning ukaranipun Quran, sarta maknanipun. Salajengipun saged nyumerepi tuwin mangretos sayektos dhateng luhuring Quran.

Pethikan mau nduduhake bilih anggane mangerteni tembung sajrone napsirake Al-Quran iku penting sanget. Amarga mangerteni tembung lan iketane ukara iki wigati saged, salah tapsir bisa nuwuhake teges kang beda uga. Amarga kanggo mangerteni teges bisa wae sak tembung nduweni teges kang luwih saka siji. Mula saka iku kedah mangerteni kanthi tliti. Amarga iku kedah kawruh kang bisa dianggo sadurunge napsir. Kawruh kang slaras kanggo mangerteni kikiyatan ngenani tetembungan sajrone Al-Quran iku ana papat, yaiku.

(1) Kawruh *Lughat*

Kawruh *Lughat* yaiku saperangan kawruh kang kedah dimangerteni sadurunge nglaksanani napsir Al-Quran. ilmu iki nduweni pangerten kanggo mangerteni teges saben tetembungan kang ana ing sajrone Al-Quran. Ilmu lughat iki angel kanggo dimangerteni amarga kadang kala sak tembung iku nduweni teges luwih saka siji.

(2) Kawruh *Nahwu*

Kawruh *Nahwu* nduweni teges tata basa, dados ilmu iki nduweni paedah kang mangribawani sajrone nglaksanani tapsir Al-Quran. ilmu iki kalebu ilmu kang wigati sajrone tapsir. Ahli tapsir kedah mangerteni iki, amarga bilih *I'rab* utawa owah-owahan tembung ing wingking iku beda, bisa ngowahi teges saka tetembungan. Andharane kaya mangkene.

Nyumerepi ngirab inggih punika ewah ewahan tuturutanipun surasaning tembung ing wingking.

Pethikan mau nerangake bilih mangerteni *I'rab* utawa ngirab minangka perangan kang wigati, amarga nalika maca ayating Quran beda pocapane tembung ing wingking bisa menehi teges kang beda. Lan kawruh ngenani *I'rab* utawa ngirab iku namung ana ing kawruh *nahwu* utawa tata basa.

(3) Kawruh *Sharaf*

Kawruh *Sharaf* minangka ilmu kang kudu dimangerteni sajrone napsirake Quran. saliyane iku uga ilmu iki kalebu salah sawijine perangan ilmu basa Arab nyinaoni ngenani wujud lan kahanan sajrone tetembungan. Amarga sajrone tetembungan Al-Quran ana owah-owahan wujud sekedhik bisa ngowahi teges saka tetembungan iku. Mula saka iku ahli tafsir kudu mangerteni tetembungan kanthi gunakake kawruh *sharaf*.

(4) Kawruh *Istiqaaq*

Mangerteni kawruh *istiqaaq* uga wigati sanget kanggo bisa napsirake Quran. kawruh iki nduweni teges mulane tetembungan, mula saka iku ilmu iki bisa dimanfaatkan kanggo mangerteni mula bukane tetembungan. Ana saperangan ukara kang asale saka rong tembung beda, saengga bisa ngowahi tegese tetembungan.

**b. Mangerteni Kasaesaning Tembung ing AlQuran**

Kasaesaning tetembungan sajrone Al-Quran iku tata cara sabanjure kanggo nyinaoni bab tafsir. Kasaesane tetembungan iku bisa arupa wawaton utawi sasmita sajrone ayat-ayating Quran. Gaya basa kang digunakake kagolong basa kang endah, senadyan Al-Quran menika kitab saking titah Gusti Allah, ananging tetep migunakake sasmita kang dimangerteni tetiyang. Kanggo mangerteni iku kudu gunakake kawruh *balaghah*. Kawruh *balaghah* yaiku kawruh sing nyinaoni ngenani kepriye cara kanggo nata ukara kanthi becik lan kepriye anggone pocapan ing ukara iku kanthi pener. Kawruh *balaghah* iku kaperang maneh dadi telung jinis kawruh yaiku ingkang kapisan kawruh *ma'ani*, banjur kawruh *bayaan*, lan kang pungkasan kawruh *badi'*. Pratelane mangkene.

Nyumerepi kalangkunganipun Kuran. sagedipun nyumerepi wau kedah saged dhateng kawruh bayan, mangani, badek.

Pethikan ing ndhuwur nduduhake bilih kanggo mangerteni kalangkungan utawa kasaesaning kitab suci Al-Quran. kanggo bisa mangerteni kasaesane iku kudu bisa mangerteni telung kawruh dasar yaiku kawruh bayan utawa kawruh *bayaan*, lajeng kawruh mangani utawa kawruh *ma'ani*, lan ingkang pungkasan yaiku kawruh badek utawa kawruh *badi'*.

(1) Kawruh Bayan (*bayaan*)

Kawruh bayan saka tembung arab kang nduweni teges entar utawa pepindhan, pasemon lan sapanunggalane.

Gaya basa sajrone kawruh bayan iki mulabukane dianggo pambanding kalihan analogi, yaiku mbandingake saperangan barang utawa kahanan kanthi barang utawa kahanan kang beda. Amarga kalorone iku nduweni sinambungan kang padha utawa gayutan liyane kayata sebab lan akbat, lan sapanunggalane

(2) Kawruh mangani (*ma'ani*)

Kawruh mangani utawa ing basa Arab *ma'ani* yaiku nduweni teges kanggo mangerteni tata ukara kang bisa dimangerteni kanthi ndelok makna kang kinandhut sajrone Quran. Pethikane kaya mangkene.

Ngelmu mangani punika nyumerepi gathukipun wicara kaliyan maksudipun.

Saka pethikan iku nduweni tegese bilih kawruh mangani iki nduweni teges gathuke antarane wicara karo maksud, amarga ora ana sak tembung sajrone basa kang ora nduweni maksud utawa pesan.

(3) Kawruh badek (*badi'*)

Kawruh badek utawa *badi'* yaiku perangan kawruh kang pungkasan sajrone kawruh *balaghah*. Kawruh badek iki yaiku kawruh kang kanggo mangerteni jinis lan cara sajrone ngapiki pocapan kanthi jelas lan pener. Kawruh badek iki sejatine nyinaoni aspek-aspek kang gayut karo endahe basa sajrone Al-Quran.

**c. Mangerteni Kukum Sara'**

Kukum islam yaiku sistem kaidah-kaidah kang adhedhasar dening wahyu Allah SWT lam uga sunnah rosul ngenani tingkah laku mukalaf (tetiyan kang bisa diwenehi jejibahan). Kukum agama islam iku asale saka Al-Quran, Al-Hadis, Ijma' lan Qiyas. Bilih kukum sara' iku saka tembung arab hukum kang nduweni teges netepake lan ngrampungke. Kamangka tembung sara' nduweni teges lumakune tetiyang kanggo tumuju marang Ngarsane gusti Allah.

Dadi kukum *sara'* iku nduweni teges saperangan tatanan adhedhasar paugeran dening Allah ngenani solah bawa para manungsa kang ana lan wis lumaku, sarta nduweni gegayutan kanggo sakabehe umat kang ngrangkul agama islam. Sajrone kukum sarak ana saperangan kukum.

**d. Mangerteni Carita sajrone Al-Quran**

Mangerteni carita kang ana sajrone kalamullah AL-Quran. Minangka kitab pituduh, Al-Quran iku ora namung nduweni isi ngenani kawruh kang gayut kalihan akidah, kukum, lan sapanunggalane, ananging sajrone Al-Quran iku uga kebak carita kang kinandhut sajrone.

Mangerteni carita tetiyang jaman biyen sajrone Al-Quran iku uga kalebu syarat kanggo mangerteni tafsir. Amarga saliyane mangerteni carita tetiyang jaman biyen uga bisa mangerteni apa kang ana sajrone uga, kayata golongan para umat ing jaman mbiyen. Pethikane kaya mangkene.

...nyumerepi teteping karsanipun Pangeran tumrap dhateng manungsa, tuwin dongenganipun golong golongnhaning para umat,

Nalika ana ing jaman biyen wis katon kathah golongan-golongan umat kang maneka werna. Saliyane iku uga bisa mangerteni watak-watak para tetiyang kang ana ing jaman biyen. Golongan para umat kang dimaksud yaiku para pengikut para Nabi ana ing jaman mbiyen sadurunge jamane Kanjeng Nabi Muhammad. Para manungsa kudu mangerteni kawontenane manungsa ing jaman biyen kawiwitan saka golongan umat kang becik utawa kang ala.

#### 4. Tuntunan Syari'at sajrone Surah Al-Fatihah

Surah Al Fatihah iku minangka surah kang paling agung sajrone kalamullah, surah iki minangka cahya kang diturunaken marang Kanjeng Nabi Muhammad, lan ora diwenehke marang para Nabi-nabi liyane. Surah Al-Fatihah iki uga minangka perangan kang wigati sajrone nglaksanani ibadah sembayang, amarga surah Al-Fatihah iki dadi wiwitan rukun anggane nglakoni sembayang ing pocapan.

Tema inti sajrone surah Al-Fatihah iku ketenangan lan ngrenungke, ngrenungake ing kene yaiku ngrenungake nama-nama lan sipat-sipat Gusti Allah, ngrenungake apa kang kawontenan ciptaane Gusti Allah, lan ngakoni yen namung Gusti Allah kang pantes anggane disembah, lan disuwuni pitulungan, lan namung Gusti Allah kang patut diwedeni.

Surah iki ngelingake supaya bisa mangerteni sambung rakete kita marang Gusti Allah, surah kawiwitan lan rigkes iki ngelingake para manungsa kanggo nuntun ngelingke syari'at agama islam. Surah Al-Fatihah iki wis ngrangkum sakabehe ayat kang ana ing Al-Quran. Tuntunan syari'at sajrone *Naskah Tabsir Kuran* iki bakal kaandharake telung bab kang wigati. Yaiku kang kawiwitan yaiku ngenani tauhid, ingkang kapindho yaiku ngenani babana lan pangancam, lan ingkang pungkasan yaiku ngenani ngibadah.

##### (1) Tauhid

Tauhid iku saka basa Arab kang nduweni wujud masdar (sipat utawa kahanan), dumadi saka tembung *yuhid* utawa *wahid* kang nduweni teges manunggal. Minangka salah sawiji tembung masdar, tembung tauhid iku nduweni teges kang manunggal.

Mula saka iku para manungsa kudu nyuwun pitulungan dening Gusti Kan Maha Agung. Amarga sakabehe nikmat kang ana ing sakabehe iku andharan tauhid kang ana ing sajrone Al-Quran karingkes ana ing surah Fatihah. Saliyane iku uga ing ayat kaping lima iki nyethakake yen namung Gusti Allah kang kudu disembah lan ora ana liyane. Kanthi mangertei tauhid kang becik para manungsa bisa lumaku marang dalan kang wis

dicepakke dening Gusti Pangeran lan manunggal dadi siji, mula saka iku anggane nyebut tauhid ora namung ana ing pocapan kemawon, ananing uga kudu saka telenging ati kang sejati, supaya bisa mangerteni Gustine tanpa pangalang.

##### (2) Ngibadah

Ngibadah dumadi saka tembung *ibadah* asale saka tembung *abada* kang nduweni teges nurut utawa tengadah. Sajrone agama islam, tembung *ibadah* utawa panembah yaiku nduweni makna kang gedhe lan bisa ngrangkul sakabehe saka lair utawa batin, kang disenengi lan uga diridhai Gusti Allah. Cagake yaiku tresna, pangarepan, rasa ajrih, seserahan diri, lan ngasorake ati.

Saliyane iku uga nalika ngelaksanani ngibadah uga bisa gugah tauhid kang ana ing manah lan bisa ngendalekkake napsu. Pethikane kaya mangkene.

..Ngibadah punika ingkang saged anggugah tauhid wonten ing dalem manah, sarta wonten pinten pinten napsu (nufus).

Saka pethikan iku bisa didudhut yen perkara ngibadah iku wigati banget kanggo nyedhakake diri marang Gusti Pangeran. Amarga saka nglaksanani ngibadah iku bisa gugah tauhid kang ana ing njero manah sarta bisa ngendalekke saperangan napsu. Napsu kang dimaksud ing kene yaiku ana telung napsu miturut Al-Quran, yaiku *lauamah*, *mutmainnah*, lan *amarah*. (3) Babana lan Pangancam

Babana utawa bisa disebut ganjaran yaiku apa kang dilakoni karo para manungsa iku, yen pangancam iku walikan saka babana kang arupa kacilakan. Babana lan pangancam iku uga ana nalikane wonten ing akerat kang awujud swarga lan nraka. Babana dhateng tiyang kang nglakoni pituduh ing Al-Quran wis pasthi pakoleh ganjaran. Dene yen ora dilakoni utawa ditingal bisa pakoleh patrapan. Babana lan pangancam iku tumrap tiyang siji lan uga tiyang kathah nalikane nglampahi lelakon ing donya lan akerat mligine nalika ing swarga lan nraka. Sakabehe babana lan pangancam iku sakabehe ana ing Ayat surah Fatihah ayat kaping pisan banjur ana ing ayat kaping papat lan ingkang pungkasan ana ing ayat kang nomor lima.

Saka andharan-andharan mau bisa dingerteni yen sajrone tafsir kuran iku anggane mangerteni Al-Quran iku kudu nduweni dhasaran kawruh kang padha sambung rumaket iku lan uga sajrone tafsir surah Fatihah, iku ngemot ngenani tuntunan-tuntunan Syari'at kang wigati kanggo nyedhakake diri marang Gusti Allah. Kawiwitan saka tauhid, ngibadah, lan mangerteni babana lan pangancam kang bakal ditimbang nalikane ana ing dina wewales. Mangkono mau andharan ngenani asile panliten *Naskah Tabsir Kuran*, kawiwitan saka dheskripsi naskah, suntingan teks, studi tafsir Al-Quran lan ingkang



pungkasan yaiku tuntunan Syari'at kang ana sajrone naskah kang diawas migunakake metodhe hermeneutika.

## PENUTUP

### Simpulan

Sastra Jawa Pesisiran yaiku salah sawiji reiptan sastra kang ngrembaka ana ing dhaerah pesisir sisih Lor pulo Jawa. Sastra Jawa pesisiran uga ngandhut piwulang ngenani bab agama islam kayata Syari'at, akhlak, lan akidah. Salah sawijine naskah pesisiran yaiku *Naskah Tabsir Kuran* kang nduweni piwulang ngenani bab tafsir lan tafsir surah fatihah kang ngandhut tuntunan Syari'at islam kang ana sajrone.

*Naskah Tabsir Kuran* dimangerteni kanthi migunakake tintonan filologi. Filologi yaiku salah sawijine kawruh kang nyinaoni naskah utawa teks lawas. Filologi uga bisa sinebut kawruh kang medhar basa, kabudayan, pranata, lan uga sejarah. Istilah naskah kang digunakake bebrayan kanggo medhar warisan budaya kang ana ing jaman biyen lan inti teks iku kasimpen ana ing njerone naskah. Saliyane gunakake tintonan filologi banjur kanggo nyengkuyung tintonan iki diteruske ana ing suntingan teks.

Suntingan teks kang dadi panyengkuyung tintonan filologi iki kaandharake samarine nindakake transliterasi naskah supaya anggene maca lan mangerteni isine bisa luwih gampang. sajrone ing suntingan teks iku diasilake 39 teks sing bisa disunting. teks-teks kasebut yaiku kaperang saka telung bab inti yaiku ngenani mukadimah, bubuka, lan Surat Al-Fatihah. Sakabehe iku mau teks-teks iku banjur diwenehi komentar lan uga cathetan supaya luwih gampang anggene dimangerteni.

Panliten iki nganalisis teks sastra arupa naskah, tintonan utawa nganalisis dilakoni kanthi nengenake prinsip metodhe kualitatif sarta hermeneutik. Metodhe hermeneutika minangka aplikasi asipat kualitatif ing panliten iki kang nengenake aspek penapsiran utawa inteprestasi. Kajaba iku sadurunge ditapsirake, teks uga kudu dingerteni kanthi alamiah. Panliten iki mujudake saperangan panliten kang nggunakake metodhe gegambaran utawa deskriptif. Metodhe deskriptif yaiku metodhe kanthi dhasar kasunyatan kang ana ing sawijining kedadeyan kanthi empiris urip ing panuture, kang asile busa awujud andharan. Amarga saka jinise panliten iki kalebu kualitatif kang nggunakake metodhe deskriptif. Mula panliten iki sinebut panliten kualitatif deskriptif, tintonan tumrap naskah *Tabzir Kuran* iki kelaksan kanthi njlentrehake transliterasi suntingan teks lan nganalisis isi kang kinandhut sajrone *Naskah Tabsir Kuran*.

Wawasan dhata kang kaatur ing undherane rembug iku kadudut adhedhasar analisis dhata. Asile analisis dhata sajrone panliten yaiku ngenani dheskripsi naskah, suntingan teks, studi tafsir Quran lan tuntunan Syari'at sajrone surah Fatihah kang banjur diandharake. Ana ing

perangan dheskripsi yen naskah iku kaserat dening Martasusila. Naskah iki dumadi saka 40 kaca iki kahanane isih apik lan bisa diwaca kanthi cetha. Saliyane iku basa kang digunakake iku basa Jawa anyar lan krama, ananging sawetara tetembungan kang asale saka basa Arab lan basa inggris.

Isi saka *Naskah Tabsir Kuran* yaiku naskah kang awujud piwulang agama kang diperang dadi loro bab inti yaiku kapisanan ngenani studi tafsir AlQuran lan kang kapindhone yaiku ngenani tuntunan Syari'at sajrone surah Al-fatihah. Studi tafsir kuran iku ngandharake ngenani kepriye carane napsirke kalamullah kang bener. Sajrone studi tafsir iku kawontenan perangan-perangan maneh yaiku anggene cara napsir Quran iku kudu bisa mangerteni tetembungan sajrone Quran, mangerteni carita sajrone Quran, mangerteni kasaesane Quran, Nyumerepi kukum. Banjur perangan kapindho yaiku mangerteni tuntunan Syari'at sajrone Surah Fatihah. Tuntunan Syari'at iku kaperang dadi telung poin inti kang ana sajrone *Naskah Tabsir Kuran* yaiku kang kawiwitan yaiku ngenani tauhid, ingkang kapindho yaiku ngenani babana lan pangancam, lan ingkang pungkasan yaiku ngenani ngibadah.

### Saran

Sastra Jawa kang ngrembaka awit jaman kuna tumeka nganti ana ing jaman saiki iku wigati banger kanggo masyarakat. Sastra Jawa, mligine sastra kang lami, dikarepake bisa ditintangi supaya pungsi asli saka naskah kasebut bisa kasembada, yaiku minangka gegambarane bebrayan ing wektu tartamtu. Saliyane iku, sastra Jawa lama uga bisa menehi kawruh lan pitutur supaya bisa kanggo aweh piwulang tumrap solah bawa lan undhausuke basa marang masyarakat kang ana ing jaman saiki.

### DAFTAR PUSTAKA

- Abubakar, 2008. Alyasa, *Paradigma, kebijakan dan kegiatan*. Banda Aceh: Dinas Syari'at Islam
- Baried, Baroroh. 1983. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pengembangan Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Baried, Siti Baroroh dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas (BPPF) Seksi Filologi, Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada.
- Chakim, Luthfi. 2018. *Skripsi Kisah-Kisah dalam Al-Quran*. Semarang: Universitas Negeri WaliSongo.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Fakultas Syar'iyah IAN Ar-Raniry. 2010. *Sejarah Hukum Islam (Hukum Islam pada Masa Kontemporer)*. Aceh.
- Husain, Muhammad. 2016. *Tafsir Al-Quran : Sebagai Pengantar*. Yogyakarta: Baitul Hikmah Press.

- Hosen, Nadirsyah. 2019. *Tafsir Al-Quran DI Medsos*. Yogyakarta: Bentang Pustaka.
- Katsir, Ibnu. 2019. *Rahasia Al-Fatihah*. Jakarta: PT Serambi semesta distribusi.
- Mulyono, Edi. 2013. *Belajar Hermeneutika*. Yogyakarta: IRCiSoD.
- Pradopo, Rachmat. 2007. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta : Pusraka Pelajar.
- Pradipta, Inggar. 2009. *Resensi dan Resepsi Sastra*. Jakarta : Jurnal Skripsi Universitas Indonesia.
- Purnomo, Bambang. 2007 *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Purnomo, Bambang. 2016. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Samsuri. 1994. *Analisis Bahasa*. Jakarta: Penerbit Erlangga.
- Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Siswantoro, Wahyudi. 2008. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta : Pustaka Pelajar.
- Subandiyah, Heny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: UNESA University Press.
- Sudaryanto, 1991. *Kamus Indonesia-Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sudaryanto, 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Sugiono, 2010. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Sulistiyorini, Dwi. 2015. *Filologi Teori dan Penerapannya*. Malang: Madani
- Teeuw, A. 1998. *Sastra dan Ilmu Sastra; Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT. Grimukti Pustaka
- Zaiful, Nanda. 2018. *Pendekatan Filologi dalam Studi Islam*. Madura : Jurnal Sekolah Tinggi Agama Islam Pancawahana Bangil.